No. of Printed Pages : 3 **BBHF-001**

# स्नातक उपाधि कार्यक्रम ( बी. डी. पी. )

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2024

## बी.बी.एच.एफ.-001 : भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

---

**नोट :** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा।*

---

1. नीचे लिखल वाक्य में से सही **अथवा** गलत के पहचान करीं : 5

   (क) भोजपुर, मुजफ्फरपुर जिला के एगो गाँव के नाम ह। (सही/गलत)

   (ख) 'भोजपुरिया लोक संस्कृति' डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय के लिखल पुस्तक ह। (सही/गलत)

(ग) 'सोहर' मुख्य रूप से बिआह के अवसर पर गावे–वाला गीत ह। (सही/गलत)

(घ) भोजपुरी के संबंध मागधी प्राकृत आ ओकरा अपभ्रंश से बा। (सही/गलत)

(ङ) पुरानी राजस्थानी के 'जूनी गुजराती' भी कहल जाला। (सही/गलत)

2. नीचे लिखल वाक्य में खाली जगह के सही उत्तर से भरीं : 5

(क) मैथिली आ मगही ई दूनो भोजपुरी के .......................... हई सन। (सही बहिन/चचेरी बहन)

(ख) सिद्धन के संख्या .......................... मानल जाला। (चौरासी/बावन)

(ग) कबीर साहेब .......................... के रहनी। (प्रयाग/बनारस)

(घ) .......................... के नाटक में खड़ी बोली आ भोजपुरी के मिश्रण बा। (राहुल सांकृत्यायन/रामेश्वर सिंह)

(ङ) भोजपुरी के .......................... तेजी से हो रहल बा। (मानकीकरण/ह्रास)

3. नीचे लिखल कवितांश के सप्रसंग व्याख्या करीं : 7

जाउ–जाउ भइया रे बटोही! हिन्द देखि आउ,

जहाँ ऋषि चारों वेद गावे रे बटोहिया!

सीता के विमल जस, राम जस कृष्ण अस,

मोरे बाप–दादा के कहानी रे बटोहिया।

4. 'रजाई' कहानी के प्रतिपाद्य लिखीं। 7

5. 'खटिया' निबंध के संरचना–शिल्प पर एगो आलोचनात्मक निबंध लिखीं। 7

6. 'गबर घिचोर' की पाठ–योजना संक्षेप में लिखीं। 7

7. आपन सफलता बतावे खातिर भाई के लगे एगो पत्र लिखीं। 5

8. नीचे लिखल में से कवनो **एगो** पर टिप्पणी लिखीं : 7

(क) भोजपुरी मीडिया

(ख) भोजपुरी लोककथा

(ग) कजरी